

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA I – GKJ AMBARRUKMA
16 JANUARI 2022
Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, simbol/logo bintang persegi gangsal)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos :

“Bapak, Ibu, lan para Sadherek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah Minggu Nem Belas Januari Kalih Ewu Kalih Likur (16 Januari 2022). Pangibadah punika ugi kagiyaraken lumantar live streaming ing kanal Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nindakaken pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang wonten dalem. Mugi kasarasan lan karaharjan tansah wonten kita sadaya.

Nyuwun kawigatosan sawetawis, wontenipun pawartos Minggu punika, ingkang badhe kula waosaken saperangan. (**maosaken pawartos**). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos daring ingkang saged dipun unduh mawi QR code ingkang saged dipun pirsani wonten layar monitor utawi hape, punapa dene lumantar selebaran ingkang sampun kacawisaken ing grup whatsapp.

Pasamuwan kinasih, pisungsung ingkang sampun dipun cawisaken, saged dipun lebetaken wonten ing kanthong utawi kothak saderengipun pangibadah kawiwitan.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah kanthi irah-irahan **“Sih Lan Panguwaosipun Gusti Datun Winates”** ingkang badhe kaladosaken dening Bapak/Ibu

Sumangga kita purwakani kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Seket Wolu Pada Setunggal Lan Kalih, “Ditansah Padha Bungaha” (KPJ 158 : 1, 2)**
.....*Pasamuwan kula aturi jumeneng.....*

- (1) Ditansah padha bungaha nampeni kabegjan swarga
karana kita wong dosa ingentas saking antaka

Refr:

Tansah bungah ing patunggilane Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati.

- (2) Tansah ulah kabecikan, dhemen aweh pitulungan,
yeku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.....Refr:

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, lan saksampunipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(*Pasamuwan Jumeneng*)

- Pandhita : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwalh Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i / 5 7 i. / 5 4 3 . /**
Amin.....Amin.....Amin

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Jabur 36 : 8 - 11

Lektor : “**Mekaten sabdanipun Gusti**”

Pasamuwan : “**Puji sokur konjuk Gusti**”

5. Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti, Gusti mboten sare, Gusti punika kados tuk ingkang mboten nate asat, tansah ngluberaken sih-kamirahan, lan tansah nuwukaken kita wonten ing kawontenan punapa kemawon. Pramila sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Dasa Tiga Pada Setunggal Lan Kalih, “Swawi Ta Kanca Kula” (KPJ 33 : 1, 2)**

(1) Swawi ta kanca kula
sami memuji Allah ing dinten puniki;
kula dipun paringi
bingah linuwih, bingah linuwih

(2) Asurak-surak, kanca,
sami asuka-suka; manganggé kang saé,
sampun kirang sekaré
kang éndah-éndah. x2

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Jabur 97 : 10

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan kinasih, Gusti Allah punika welas asih, saben-saben ngreksa dhumateng kita saking tiyang-tiyang ingkang duraka, ananging, kita ingkang tansah dipun reksa dening Allah mboten rumaos punapa ingkang sampun Gusti Allah tindakaken dhumateng kita. Kita taksih ngugemi punapa ingkang dados kajeng kita piyambak-piyambak, dereng saged satuhu tresna dhumateng Allah, langkung-langkung tumrap sesami.

Sumangga sami kita cawisaken manah, sowan marek wonten ngarsanipun Gusti, nglenggana punapa ingkang dados karingkihan kita lumantar pandonga pamratobat, ingkang kita purwakani kanthi repening kidung **Saestu Keduwung Kula, Kidung Pasamuwan Jawi Suwidak Setunggal, Pada Setunggal Lan Sekawan. (KPJ 61 : 1, 4)**

- | | |
|--|---|
| (1) Saestu keduwung kula,
dene kirang setya.
Kadhwuhan kinen tresna
dhateng Allah wah sesami,
ning tan ana bukti
Aduh Gusti, nyuwun suci. | (4) Saèstu keduwung kula,
nglirwakken kwajiban
mrih tuwuhing pasamuwan
miyah gesangging bebrayan,
tentreming dumadi.
Adhuh Gusti, nyuwun suci. |
|--|---|

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sami nelangsani sadaya kalepatan kita wonten ing Gusti, kita lumebet ing pandonga pamratobat:

“Gusti Sang Yehuwalah, kanthi andhap asoring manah lan kalingseman, kawula marek sowan wonten Ngarsa Paduka Gusti, awit kawula taksih cubluk, mboten ngrumaosi bilih Paduka tansah tresna dhumateng kawula. Punapa malih kawula taksih asring mbalela kaliyan punapa ingkang dados dhawuh Paduka, inggih punika mujudaken tresnan tinresnanan dhumateng sesami kawula. Pramila dhuh Gusti, kawula nyuwun sih wilasa Paduka, satemah kawula saged pun uwali saking sadaya dosa-dosa kawula. Mugi Paduka pulihaken malih jiwa lan raga kawula kagem mbangun pangabekti namun dhumateng Paduka.

Atur pamratobat kawula punika kawula unjukaken wonten Ngarsa Paduka linambaran sih katresnanipun Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Rum 4 : 7 - 8

10. Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Pangandharing Toret 11 : 13 - 14

11. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, saben-saben kita dipun tuntun lumantar pangandikanipun Sang Yehuwalah, bilih kita kedah saya tumemen anggenipun ngestokaken dhawuhipun Gusti, satemah sadaya berkah Gusti badhe tansah lumuber wonten ing gesang kita. Sumangga kita tansah tumungkul ngugemi dhawuhipun kanthi kesanggeman kita lumantar pepujen **Neng Kasa Ngumandang Asma, Kidung Pasamuwan Jawi Wolung Dasa Pitu Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 87 : 1, 2)..... (Pasamuwan kula aturi jumeneng)**

- | | |
|---|--|
| (1) Neng kasa ngumandang asma sajuga,
kang anepangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika,
kang kwasa nyirnakken pangrehing dosa.
Napa sami dereng wanuh,
Gusti Yesus Kristus yeku asmane? | (2) Wus pantes asmané lan pakaryané.
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrêng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané? |
|---|--|

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

- 12. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*
- a) Pandhita : Pandonga Epiklese
 - b) Pandhita : maosaken Yokanan 2 : 1 - 11
 - c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.
Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale -luya Hale-luya Hale - lu - ya
 - d) Irah-irahan: “Sih Lan Panguwaosipun Gusti Datam Winates”
 - e) Ancas : Pasamuwan saklangkung sayektos dhumateng sih kadarmen lan panguwosipun Gusti Allah, tumrap kasaenan lan karaharjaning gesang satemah pasamuwan langkung kebak ing pangajeng-ajeng, iman, panyuraos sokur, lan welas asih ingkang tanpa winates.

13. Pisungsung

Imam : “Datan winates sih lan panguwaosipun Gusti wonten ing gesang kita. Pasamuwan kinasih punika wau sabda pangandikanipun Gusti ingkang sampun kita tampi, mugi ndadosaken iman kita sansaya kiyat wonten ing gesang kita.

Salajengipun sumangga kita sami ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken lan sampun kita lebetaken kanthong utawi kothak nalika pangibadah dereng kawiwitinan, wonten ngarsanipun Gusti. Pisungsung kapantha dados tigang kanthong, kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung dana griya emeritus. Pisungsung wulanan lan mirungan saged dipun lebetaken amplop sinerat keterangan lajeng dipun lebetaken dhateng kotak utawi salah satunggaling kantong.

1 Babad 16 : 29 (Setunggal Babad Nem Belas Ayat Sanga Likur) minangka tetales pisungsung wekdal punika nelakaken mekaten: “**Padha nyaosna kamulyaning asmane marang Pangeran Yehuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsane. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangeran Yehuwah kalaan ngrasuk kasucen.**”

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Mara Dha Aturna Pisungsungmu,** saking **Kidung Pasamuwan Jawi Status Pitung Dasa Tiga Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 173 : 1, 2)**

(bareng)

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji;
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)

(solo)

Mangkya singkina was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu;
rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita megar nglam-lami.

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kita nelakaken **Pangaken Pitados Rasuli**.....pasamuwan kula aturi jumeneng....

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ating, Gusti kawula.
- c) Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapuntening dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

17. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapak/Ibu lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi suka bingah lan mugi katentreman lan karaharjan tansah rumentah wonten ing Bapak, Ibu, lan Sadherek sadaya. Sumangga kita tingkataken pangibadah kita kanthi tetep njagi protokol kesehatan.

Pangibadah kita tutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Tigang Dasa Setunggal Pada Setunggal Lan Kalih, “Gusti Adhawuh” (KPJ 431 : 1, 2)**

(1) Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi,
supaya saben wong padhang ing ati,
wah angluhuraké Hyang Masuci.

(2) Saka suwarga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
Gusti ya mirsa, apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi.